

A. PILIHEN SALAH SIJI WANGSULAN A,B,C,D UTAWA E SING PALING BENER KANTHI MENEHI TENGER (X) ING LEMBAR JAWAB KANG WIS SUMADYA!

1. Wacanen kanthi premati tembang macapat Pangkur nang ngisor kiye!

*Mangkono ilmu kang nyata,
sanyatane mung we resepong ati,
bungah ingaran cubluk,
sukeng tyas yen den ina,
nora kaya si punggung anggung gumunggung,
ugungan sadina-dina,
aja mangkono wong urip.*

Amanat utawa pesen sing kekandhut sajroning tembang pangkur ing dhuwur yakuwe

- A. agama dadi pathokaning urip
 - B. ora mendhem kahanan donya
 - C. manut tatanan negara
 - D. menungsa kang unggul ing budi
 - E. aja ngremehake wong liya
2. Wacanen pethilan crita cekak nang ngisor kiye kanthi patitis!

Bu Umi biyasane menyang pasar jam setengah lima esuk. Ilham saben dina ngrewangi ibune nggawa dagangan menyang pasar amarga pohung sing digawa kira-kira setengah kwintal. Sawise ngeterakan dagangan, Ilham bali menyang omah kanggo siyap-siyap mangkat sekolah. Ilham kalebu bocah sing pinter lan sregep sahingga Ilham bisa sekolah nang SMP sing mutune paling apik lan dadi sekolah unggulan ing Kabupaten

Adhedhasar tugelan cerkak nang dhuwur, nilai-nilai sing bisa dijukut yakuwe....

- A. moral lan sosial
 - B. sosial lan agama
 - C. agama lan budaya
 - D. budaya lan pendidikan
 - E. pendidikan lan moral
3. Wacanen pethilan crita cekak nang ngisor kiye kanthi patitis!

Jenenge Yu Bawuk, ngono wae. Tanpa embel-embel, ngarep apa mburi. Jenenge cukup kondhang ngluwihi gayus tambunan, senejan mung tingkat RT. Prasasat saben irung ngerti, sapa Yu Bawuk kuwi. Pawakan demplah eplah-eplah, nyambut gawene ngluwihi wong lanang. Mung siji cirine yaiku seneng provokasi, ngrasani tangga sing ora disenengi, seneng ngowehi komentar urusane wong.

Manut cuplikan neng ndhuwur, wateke peraga Bawuk yakuwe....

- A. gampang kesuh
- B. umbar nepsu
- C. kemaki
- D. juweh
- E. kemayu

Wacanen teks pawarta nang ngisor kiye kanthi premati kanggo mangsuli nomer 4 lan 5!

Evi umur 15 taun, salah satunggaling siswi SMPN Tangen, Sragen, antawis tabuh 10 pejah sesampunipun dhawah teng wewangkon air terjun Jumog Jati, kecamatan Jenawi. Warga Dusun Bagu Kroderan, Grobogan punika dhawah teng wewangkon air terjun ingkang inggilipun 20 meter nalika saweg ningali sesawangan alam ingkang endah saking sainggiling air terjun punika. Polisi ndugi, Evi kepleset teng watu-watu ingkang lunyu teng sainggiling air terjun. Satemah piyambakipun nandang tatu awrat teng perangan sirah lan badanipun.

4. Unsur pawarta *sing ora ana* neng pawarta dhuwur yakuwe

- A. apa
 - B. ing ngendi
 - C. kenangapa
 - D. sapa
 - E. kapan
5. Wos utawi isi saking pawarta teng inggil inggih punika
- A. Siswa-siswi SMPN Tangen, Sragen saweg ngawontenaken kagiatan *study tour* teng air terjun Jumog Jati,
 - B. Siswi SMPN Tangen, Sragen Evi (15 warsa) seda amargi dhawah saking sainggiling air terjun.
 - C. Air terjun Jumog Jati kecamatan Jenawinggadhahi kainggilan 20 meter lan nggadahi sesawangan ingkang endah.
 - D. Teng ngandhapipun air terjun Jumog Jati kecamatan Jenawi sela/watunipun mbebayani amargi lunyu-lunyu.
 - E. Air terjun Jumog Jati kecamatan Jenawi dados papan wisata ingkang kathah dipundatengi dening para wisatawan.

6. Wacanen teks deskripsi nang ngisor kiye kanthi patitis!

Ruangan umah adat Jawa joglo umume dibagi dadi telung bagian utama, yakuwe pendhopo, pringgitan lan ndalem. Pendhopo utawa pendhapa arupa ruangan bagian sing paling ngarep. Pendhopo dhuweni ruang sing amba tanpa ana sekat-sekat, lan biasane ana papat saka utama sing diarani saka guru.

Fungsi pendhopo utawa pendhapa neng umah adat Jawa joglo yakuwe kanggo

- A. nonton wayang kulit
 - B. nampa tamu
 - C. turu sing kagungan umah
 - D. nyimpen bendha-bendha pusaka
 - E. ngibadah utawa dedonga
7. Wacanen teks tembang macapat Sinom nang ngisor kiye kanthi patitis!

*Nuladha laku utama,
tumrape wong Tanah Jawi,
wong Agung ing Ngeksi Ganda,
panembahan Senapati,
kapati amarsudi,
sudaning hawa lan nepsu,
pinesu tapa brata,
tanapi ing siyang ratri,
amemangun karyenak tyasing sasama.*

Sekang tembang macapat Sinom nang dhuwur, guru wilangan lan guru lagu antarane

-
- A. 7i, 7u, 8a, 8i, 8u, 7a, 8i, 8o, 12o
 - B. 8i, 8i, 8a, 7a, 8i, 7u, 8i, 8i, 11i
 - C. 6a, 7i, 7a, 8i, 8i, 7u, 7a, 8a, 11a
 - D. 8a, 8i, 8a, 8i, 7i, 8u, 7a, 8i, 12a
 - E. 8i, 8i, 8a, 8a, 7e, 8o, 7a, 8u, 12i

8. Wacanen teks crita wayang nang ngisor kiye kanthi premati!

Jejer Ngastina. Duhkitaning Prabu Pandu lan Dewi Kunti jalaran lahire ponang jabang bayi kang awujud bungkus. Tan ana sanjata kang tumawa kanggo mbedah bungkus. Kurawa uga melu cawe-cawe arsa mecah bungkus, sanadyan amung lelamisan, bakune arsa nyirnaaken si bungkus. Wisiking dewa sang bungkus den bucal ing alas Krendawahana.

Sekang pethilan cerita wayang “Bima Bungkus” neng dhuwur, amanat sing bisa dijikot yakuwe

- A. urip neng alam dunya akeh cobaane
- B. nalika olih pacoben kudu tansah sedih
- C. menawa tetulung kudu sing ikhlas aja dhuweni tujuan/ancas liya
- D. kanggo mbukak bungkus kudu nganggo senjata utawa gegaman sing ampuh
- E. nek arep ngapa-ngapa kudu nggenteni wangsit utawa wisikan sekang sing gawe urip

9. Wacanen pethilan teks pranatacara nang ngisor kiye kanthi premati!

Agunging raos syukur dhumateng ngarsa dalem Allah SWT. Ingkansampun paring lumebering hidayah, saha kanikmatan dhumateng kita lan panjenengan sami, sumangga kita ikraraken kanthi waosan tahmid: Alhamdulillahirabbil “alamin.

Shalawat ugi salam mugiya tansah kaaturaken dhumateng junjungan kita Nabi Agung Muhammad SAW. Ingkang saestu kita nyadhong lumunturing syafa’at benjang wonten pakewuhipun dinten qiyamat.

Cuplikan ing dhuwur kalebu bagian saka pranatacara kang diarani....

- A. Pambuka
- B. Panutup
- C. Atur Puji syukur
- D. Salam pambuka
- E. Salam panutup

10. Gambar panganan khas daerah neng sebelah tengen, arane



- A. cimplung
- B. cireng
- C. gethuk
- D. gedhang
- E. tape

11. Ing ngisor iki sing ora dadi titikane cerkak yaiku kejaba...

- A. ngadhahi underaning crita
- B. critane ringkes lan gampang dimangerteni
- C. asil saka rekane panulis
- D. nganggo basa krama alus
- E. bisa diwaca saadegan

12. Wacanen teks pocung tembang macapat nang ngisor kiye kanthi premati!

*Shalat iku kewajiban ingkang laku
Lekase kat fajar
Ibadah kang pancen wajib
Shalat iku cagakke saka agama*

Amanat sing kakandhut ana ing sajroning tembang pocung ing ndhuwur yakuwe, *kejaba...*

- A. sholat tiyang agama
- B. Sholat kewajiban sing utama

- C. Sholat ati dadi adem
 D. Sholat ngedohna maksiat
 E. Sholat marakake penyakit
13. Wacanen pethilan teks novel nang ngisor kiye kanthi patitis!
Bar kuwe, aben lunga ngodhe mampir aring balonge ndhisit. Jam pitu esuk, grameh sepuluh iji bobot enem kilo wis deganthei kambi welad pring dadi rong ganthetan. Neng setang pit dhamas kiwe tengene decanteli telung grameh.
 Latar wekdal teng inggil inggih punika...
- A. esuk
 B. awan
 C. sore
 D. wengi
 E. shubuh
14. Pak Bejo anggenipun sesorah menika runtut, cetha lan gamblang sanget awit piyambakipun ngasta teks utawi cathetan ingkang sampun kasiapaken sakderengipun nindakaken sesorah. Pramila Pak Bejo anggenipun nindakaken sesorah saged kasebat ngginakaken metode....
- A. impromptu
 B. rekretif
 C. ngapalaken
 D. ekstemporan
 E. naskah
15. Wacanen teks eksposisi adat Jawa mantu nang ngisor kiye kanthi premati!
Acara siraman kuwe sejatine upacara perlambang kanggo ngresiki jiwa calon penganten. Upacara kiye delaksanakna sedina sedurunge ijab kabul lan delaksanakna calon penganten putri lan kakung.
 Babagan luhur sing bisa dejiyot sekang teks neng ndhuwur, yakuwe....
- A. calon manten kudu nglaksanakna siraman
 B. kudu resik jiwa raga sedurunge nglaksanakna manten
 C. siraman kuwe wajib neng manten
 D. siraman delaksanakna sedurunge ijab kabul
 E. siraman delaksanakna neng umahe sing wadon
16. Gatekna Tembang ing ngisor iki!
 1. Si pengung nora nglegawa,
 2. Ngalingi marang si pingging
 3. Saya elok alangka longkanganipun,
 4. Kandhane nora kaprah,
 5. Ngandhar-andhar angendhukur,
 6. Si wasis waskitha ngalah,
 7. Sangsayarda denira cacariwis,
 Tegese tembung pingging, Si wasis yaiku....
- A. Menengan, pinter
 B. Bodho, pinter
 C. Pinter, lamis
 D. Seneng ngapusi, apikan
 E. Pinter, cerewet
17. Cerita rakyat duweni jenis kang wernane akeh. Ana kang diarani fabel, legenda, mite, sage, epos, dongeng. Kang diarani mite yaiku....
- A. cerita ingkang nyritakaken gesangipun kewan utawi sato ingkang tindak-tandhukipun kados manungsa.
 B. satunggaling cerita ingkang mboten nate kedadosan namung cerita fiksi, ingkang nyritakaken satunggaling bab ingkang ngaeng, aneh, lan mboten saged dipun logika.

- C. carios dangu ingkang wonten gegayutanipun kaliaan sujarah ingkang nyritakaken kewantunan, kasekten, kepahlawanan lan keajaiban satunggaling tiyang utawi tokoh.
- D. cerita prosa rakyat ingkang dipun tokohi dening para dewa-dewi utawi makluk lembut ingkang kedadosan teng dunya sanes.
- E. cerita rakyat ingkang dipun anggep leres nat kedadosan, ingkang ceritanipun dipun hubungaken kaliyan tokoh sujarah.

18. Gatekna teks iklan nang ngisor kiye!

Yen panjenengan nandang gerah sing ora mari-mari, wis ikhtiar mrana-mrene durung ana, Tabib Ali kanthi pengobatan alternatif kang moderen sumadya ngusadani panjenenan. Ora penyakit kang ora ana obate, Tabib Ali ngusadani samubarang penyakit. Tabib Ali buka praktek saben dina wiwit jam 09.00-21.00 ana ing dalan Mahakam No. 13.

Iklan ing dhuwur kalebu iklan....

- A. barang lan jasa
 - B. komersil
 - C. layanan masyarakat
 - D. kaluwarga
 - E. dodolan barang bekas
19. Wacanen teks eksposisi nang ngisor kiye kanthi premati!

Begalan yakuwe jinising kesenian sing biyasane dipentasaken sajroning reog mbegal, sing narik kawigaten yakuwe pacelathon antarane sing dibegal lan sing mbegal biasane isine petuah lan kritikan kanggo calon penganten. Pacelathon sing diomongaken arupa basa lambang/kiasan sing diterjemahke sekang jeneng-jeneng barang sing digawa, contone ilir, cething, kusan, pari lsp.

Dasanamane tembung sing degaris bawahi yakuwe....

- A. urip tanpa paugeran
 - B. kanggo mbedakke awon lan becik
 - C. bebojoan cara mikire kudu mateng/dewasa
 - D. urip kuwe mbutuhna wadah
 - E. kudu bisa urip nang endi papan
20. Ukaran ing ngandhap, ingkap nduweni purwakanthi lumaksita yaiku...
- A. Ugungan sadina-dina, Aja mangkono wong urip
 - B. Inggang sipat wisesa winisesa wus, Mulih mula mulanira
 - C. Mangkono ilmu kang nyata, Sanyatane mung weh reseping ati
 - D. Mrih kretarta pakartining ngelmu luhung, Kang tumrap neng tanah jawi
 - E. Bungah ingaranan cubluk, Sukeng tyas yen denira

21. Tembang kang nggambarake bocah sing manut lan mituhu maring wong tuwane lan taksih butuh bimbingan saking wong tuwa.

Gambaran filosofi tembang nang nduwur kalebu tembang....

- A. pocung
- B. kinanthi
- C. gambuh
- D. pangkur
- E. dhandhanggula

22.

<p>Mangka kantining tumuwuh Salami mung awas eling Eling lukitaning alam Wedi weryaning dumadi Supadi niring sangsaya Yeku pangreksaning urip</p>
--

Isi utawa inti sekang tembang nang nduwur kang bener yakuwe....

- A. nglakoni prihatin lan ngudi ngelmu supaya dadi utama panguripane
- B. ngilangke rasa samar lan tansah waspada iku bisa ngendhaleni hawa nepsu
- C. aja tumindak kang sakkepenake dhewe amarga urip iku akeh pacobane, mula kudu ngati-ati
- D. ngelmu kang sejati iku yen ora meri, ora jail lan mung anteng ing ati
- E. angkara kang ora dikendhaleni tundhane bakal nuwuhake prakara

23. Pahlawanku
(R. Tantiningsih)

Pahlawanku
Wutahing ludirmu
Nyiram ibu pertiwi
Nadyan sang ibu
Kudu muwun sedih
Karajang-rajang manahe
Karujit-rujit rasa pangrasane
Pahlawanku
Mugya Gusti paring nugraha
Semana gedhene bektimu
Jiwa, raga, bandha donya
Tanpa sisa
Amung siji pangajabmu
Mardika

Tegese tembung ludirmu ing ukara nduwur, yakuwe....

- A. banyu
 - B. getih
 - C. iluh / waspa
 - D. angin
 - E. pasir
24. Inti utawa isi geguritan nang nduwur yakuwe....
- A. Pahlawan kudu nduweni sifat sing mulya, lan nduwe tekad Negara bisa mardika
 - B. Pahlawan kuwe kudu tekad lan tujuan yakuwe bisa mbrantas angkara murka lan uga bisa mbangun nagari mardika
 - C. Pahlawan nduweni bekti kang gedhe marang Negara, jiwa raga, bondha dunya, direlakaken among kanggo pangajab mardika
 - D. Pahlawan kuwe kudu diregani jalaran gedhe bektine marang negara
 - E. Pahlawan kuwe kudu diwenehi jabatan utawa kedudukan jalaran bisa ndadekake Negara mardika

25. Sun gegurit
Kahanan jaman saiki
Diarani jaman canggih
Akeh barang edipeni
Disetel ora mboseni
Nanging sinau aja lali

Geguritan nang nduwur kalebu jenis geguritan....

- A. gagrak anyar
 - B. gagrak lawas
 - C. gagrak kekinian
 - D. gagrak bebas
 - E. gagrak modern
26. Amatna gambar nang ngisor kiye, gambar kanthi huruf C diarani....



- A. slop
- B. blangkon
- C. keris
- D. kamus timang
- E. benting

27. Gatekna teks deskriptif ngisor kiye!

Busana basahan yaiku salah sawijining busana kang endah lan paling lengkap ing Indonesia ana ing Keraton Surakarta, Jawa Tengah. Sebab, saben- saben jenis busana kuwe nedhahaken tahapan-tahapan tartamtu lan sapa sing nganggo. Ing adat busana penganten contone, penganten wanita lan penganten priya kalangan kraton, nggunakaken lewih sekang siji busana kang kajumbuhaken karo tahapan upacara, yakuwe midodareni, ijab, panggih lan sawise upacara panggih.

Isi teks deskripsi ana nang wacan nduwur yakuwe...

- A. Busana basahan dadi busana modern
- B. Busana basahan kur dinggo nang kalangan Kraton
- C. Busana basahan kur dinggo nang acara midodareni
- D. Busana basahan paling lengkap ana ing Kraton Jogjakarta
- E. Busana basahan paling lengkap ana ing Kraton Surakarta

28. Gambar gamelan nang ngisor kiye arane....



- A. Bonang barung
- B. Bonang penerus
- C. kenong
- D. slenthem
- E. Demung

29. Gambar gamelan nang ngisor kiye kepriwe cara nganggone....



- A. dithuthuk

- B. dikeplak
 - C. disebul
 - D. digesek
 - E. dipetik
30. Gong yakuwe salah sijining alat musik kang ginawe sekang perunggu, carane migunakna kanthi dithuthuk, gong ditata kanthi digantung amarga wujud sing gedhe banget. Gunane kanggo menehi tandha rampunge sawijining gatra, lan uga nundhoni mulai lan rampunge gendhing.
Ukara nang nduwur kalebu paragraph eksposisi....
- A. klasifikasi
 - B. proses
 - C. definisi
 - D. perbandingan
 - E. ilustrasi
31. Gumarenggeng anggereng anggung grumunggung. Pethilan tembang kasebut minangka tuladha saking...
- A. Purwakanthi basa
 - B. Purwakanthi sastra
 - C. Purwakanthi swara
 - D. Tembung dwilingga
 - E. Tembung garba
32. Undha-usuk ing basa Jawa iku bakune mung ana loro yaiku... .
- A. ragam ngoko alus lan ragam krama inggil
 - B. ragam ngoko lan ragam krama
 - C. ragam krama lugu lan ragam karma inggil
 - D. ragam ngoko lan krama inggil
 - E. ragam krama alus lan krama inggil
33. Yen kabandhingake karo basa ngoko, basa krama luwih
- A. kasar lan rumaket
 - B. luwih gampang cak-cakane
 - C. alus lan nduweni surasa luwih ngajeni
 - D. lugu lan kurang ngajeni liyan
 - E. endhek tataran undha-usuke
34. Wong/ bocah sabarakan/ meh padha umur-umurane migunakake basa
- A. ngoko lugu
 - B. ngoko alus
 - C. krama lugu
 - D. krama alus
 - E. ngoko lan krama
35. Minangka basa ibu, Basa Jawa lumrahe panganggone
- A. alus
 - B. kasar
 - C. kanthi tinulis
 - D. kanthi lisan
 - E. kanthi resmi
36. Tokoh kang gugur mbelani negarane saka pangamuke wadyabala Prabu Ramawijaya, yakuwe....

- A. Arjuna Sasrabahu
 - B. Adipati Karna
 - C. Patih Suwanda
 - D. Kumbakarna
 - E. Sumantri
37. Ana ing pupuh 5 lan 6 watek kateladhanan Adipati Karna kang bisa didadekake tauladhan tembang dhandhanggula yakuwi....
- A. setya lan mbales budi
 - B. bales budi lan wicaksana
 - C. wicaksana lan loman
 - D. tegas lan wicaksana
 - E. bales budi lan loman
38. Wong Banyumas ora kena lelungan dina setu paing, amarga wong Banyumas nduweni pamanggih cilaka yen lelungan dina kuwi. Ukara ing nduwur kalebu jenis Gugon tuhon....
- A. salugu
 - B. isi wasita sinandi
 - C. wewaler
 - D. sukerta
 - E. falsafah

Wacan ing ngisor kanggo mangsuli pitakonan no.39-40!

Upacara Ruwatan iku sejatine asale saka cerita wayang purwa, yaiku sinebut Murwakala utawa Purwakala. Purwa ateges asal utawa pembuka, Kala artine bencana. Dadi, Purwakala tegese asal saka bencana. Crita kui nyritaake babagan asal usul lahire raseksa jenenge Kala.

Crita singkate ngene : Wektu kui Bathara Guru lagi omong-omongan karo garwane, yaiku Dewi Uma. Mabur ning dhuwur samudro numpak lembu Andhini. Bathara Guru ora bisa nahan nafsu, kepengen dadi siji marang Dewi Uma. Nanging Dewi Uma ora gelem. Akhire wenihe (sperma) Bathara Guru tiba ning donya, lan malih dadi makhluk sing gedhe, yaiku raseksa. Raseksa kui mau mabur ning kayangan nggoleki bapake, yaiku Bathara Guru. Bathara Guru ngakoni menawa kui putrane, lan raseksa kui dijenengke Bathara Kala. Kala takon karo bapake, menungsa sing koyo piye sing ethuk dadi pakanane. Bathara Guru njawab, yaiku manungsa sing kalebu anak sukerta, yaiku sing duweni nasib sial amarga lairane utawa menungso sing nduweni dosa. Kala medhuk nyang donya lan nggoleki mangsane. Bathara Guru lagi sadar menawa sing kalebu anak sukerta kuwi akeh banget. Menawa Kala ora dicegah menungso ning donya bakal enthek dipangan Kala. Akhire Bathara Guru nduweni syarat kanggo anak sukerto menawa ora pengen dipangan Bathara Kala kudu nganaake upacara Ruwatan. Lan Kala bakal bali ning asale menawa disangoni sesaji.

Amarga kuwi, kanggo ngilangake sial, wong Jawa nganaake upacara Ruwatan kanggo anak sukerta, kanggo ngusir Bathara Kala. Upacara Ruwatan nganggo nanggap wayangan sing lakone Bathara Kala/ murwakala, karo nyediaake sesaji kanggo sangu Bathara Kala lungu nyang panggonane.

39. Gagasan utama paragraph sepisan, yakuwi....
- A. crita purwakala
 - B. crita Bathara Guru
 - C. ancasa ruwatan
 - D. asal-usul ruwatan
 - E. wayang sarana kanggo ruwatan
40. Nilai-nilai kang ditemokake ing crita nduwur yakuwi....
- A. nilai ekonomi
 - B. nilai sosial
 - C. nilai agama
 - D. nilai moral

- E. nilai pembangunan
41. Carios asal-usuling satunggaling panggenan, tuladhanipun kota Banyuwangi kalebet carios
- A. fabel
 - B. novel
 - C. sage
 - D. legenda
 - E. mite
42. Upacara mecah wiji dhuweni makna supaya pernikahan kuwe bakal ngasilaken panguripan sing anyar. Ubarampe sing biasa dienggo nang acara mecah wiji yakuwe
- A. endog
 - B. banyu kembang
 - C. andhuk
 - D. bokor
 - E. ciduk
43. Serat Tripama bait siji lan loro nyritakake
- A. Patih Suwanda
 - B. Kumbakarna
 - C. Raden Suryaputra
 - D. Basudewa
 - E. Citraganda
44. Bocah kang dadi peragane Bethara kala. Manut dedongengan yaiku bocah sukerta. Manut kepercayaan biasane waluya lan lestari uripe kudu diruwat saran ditanggapake wayang lakon Amurwa kala.
- Ukara ing dhuwur kalebu jenis gugon tuhon
- A. salugu
 - B. isi wasita sinandi
 - C. wewaler
 - D. sukerta
 - E. falsafah
45. Tembang macapat kang nggambarake bocah nom-noman supados saged ngangsu kawruh sak kathah-kathake.
- Gambaran filosofi tembang nang ndhuwur kalebu tembang
- A. pocung
 - B. kinanthi
 - C. sinom
 - D. gambuh
 - E. pangkur

SUGENG MAKARYA